# ЖОЛДАС МӘТМУРАТОВТЫҢ ИЗЕРТЛЕЎЛЕРИНДЕ ТОПОНИМИКАЛЫҚ МАҒЛЫЎМАТЛАРДЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Турдымамбетов И.Р.,**
**Балтабаев О.О.,**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Қарақалпақстан Республикасы, Өзбекстан*

***Аннотация.*** *В данной статье анализируется исследовательская работа известного географа, профессора Жолдаса Матмуратова, посвященная топонимам Каракалпакстана.*
***Ключевые слова.*** *Географическое название, топоним, ороним, гидроним, ойконим, географический атлас.*

***Abstract.*** *In this article, the famous geographer, professor Joldas Matmuratov's research work on toponyms of Karakalpakstan are analyzed.*
***Keywords.*** *Geographical name, toponym, oronym, hydronym, oikonym, geographical atlas.*

Географиялық атамалар яғный топонимлер бул инсанлардың өмири даўамында бирге болыўшы, көплеген тарихый, географикялық, тиллик мағлыўматларды өзинде тасыўшы ҳәм сәўлелендириўши тарийхый мийрасымыз есапланады. Сонлықтан, географиялық атамаларды изертлеўге көплеген тараў ўәкиллери қызыққан ҳәм белгили дәрежеде илимий-изертлеўлер алып барғанлығын көремиз. Сондай алымлардан бири, Қарақалпақстанда география илиминиң раўажланыўына ўлкен үлес қосқан алым, география мектебиниң тийкаршыларынан бири ҳәм география илими бойынша биринши илим кандидаты, “Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим”, “Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери”, география илимлериниң кандидаты, профессор Жолдас Мәтмуратов болып табылады.

Жолдас Мәтмуратов 1934-жылдың 15-январь сәнесинде Қоңырат районындағы Бескөпир аўылында туўылған (ҳәзирги күнде Қанлыкөл районы аймағы қурамында) ҳәм ҳәзирги күнде туўылып өскен аўылындағы Қанлыкөл районлық МШМБ бөлимине қараслы №13-санлы улыўма билим бериў мектебиниң алдында бюсти бой тиклеп тур (1-сүўрет).




**1-сүўрет. Белгили географ алым Жолдас Мәтмуратовтың бюсти**

Ж.Мәтмуратов мәмлекетимизде кең жәмийетшиликке географ, климотолог тийкарынан агроклиматолог сыпатында белгили. Ол 1963-жылы белгили алым, география илимлериниң докторы, профессор Л.Н.Бабушкинниң илимий басшылығында өзиниң кандидатлық диссертация жумысын табыслы қорғаған.

Алымның тийкарғы илимий-изертлеў жумыслары Қарақалпақстанның климатлық ҳәм агроклиматлық ресурсларын үйрениўге арналған болып, оның көплеген илимий мийнетлери Бурынғы аўқам мәмлекетлери ҳәм мәмлекетимиздеги география тараўында белгили болған **“Вопросы географии”** (Методы агроэкологического районирования на примере Каракалпакской АССР. 1975, Сб. 98. – С. 167-175), **“Москва мәмлекетлик университети Хабаршысы”** (Природное агроэкологическое районирование Нижнеамударьинской сельскохозяйственной области (КК АССР, Хорезм. обл. УзССР и Ташауз. обл. ТССР). – Вестник Московского университета. Серия. 5. География, 1975. №3. – С. 70-76), **“Өзбекстан География жәмийети Хабаршысы”** (Температурный режим теплого вегетационного периода в Каракалпакии. - №VII. 1963. – С. 18-34., О степени суховейности Каракалпакской АССР. – №X. 1967. – С. 10-15., К характеристике температурного режима почвы орошаемой зоны Каракалпакской АССР. - №X. 1967. – С. 16-22), **“Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Хабаршысы”** (К вопросу агроклиматического

районирования территории Каракалпакской АССР. №3. 1965. – С. 35-40., Агрометеорологическая характеристика сезонов в Каракалпакской АССР. №1. 1987. – С. 26-34., Характеристика температурного режима теплого, вегетационного периода низовьев Амударьи. №1. 1988. – С. 47-55) сыяқлы илимий журналларда сондай-ақ, бир қанша халықаралық илимий топламларда (Изменение климата и загрязнение окружающей среды в Каракалпакии // Аральский кризис (историко-географическая ретроспектива). – М., 1991. – С. 87-100) илимий мақалалары жәрияланған.

Буннан тысқары, Ж.Мәтмуратовтың “Қарақалпақстан климатының аўыл хожалығына байланыслы сыпатламасы” (1964), “Қарақалпақстанның агроклиматлық районлары” (1968), “Қарақалпақстан АССРының физикалық географиясы” (1968), “Қарақалпақстан АССРының суў ҳәм минерал байлықлары” (1973), “Агроклиматические условия Северо-западного Узбекистана” (1989), “Қарақалпақстан Республикасының географиясы” (7-класс мектеп оқыўшылары ушын сабақлық) сыяқлы илимий, оқыўлық ҳәм оқыў-методикалық мийнетлери ҳәзирги күнде де қунлы мийнетлер есапланады.

Соның менен бирге, Ж.Мәтмуратов мәмлекетимиз топонимикасына арналған илмий мақалаларын журнал ва газеталарда да жәриялап барған. Алым Қарақалпақстан топонимикасының улыўмалық белгилери сыпатында, елимиздиң тарийхый, аймағының тәбийий шараяты ҳәм жергиликли халықлардың тил өзгешеликлери менен тығыз байланыслы екенлигин жазады. Атап айтқанда, республиканың картографиялық мағлыўматлары анализи тийкарында 400 ден артық географиялық атамаларды анықлайды, соннан 193 и гидрографиялық объектлер – көллер, дәрьялар, каналлар ҳәм коллекторлар, 133 и аўыллар, елатлы пунктлери ҳәм қалалар, 61 и таў, жер ҳәм қазылма байлыклар кәни, 8 и тәбиятты қорғаў хожалықлары атамалары екенлигин жазган.

Географиялық атамаларды анализлеп, ол республикамызда ең көп ушырасатуғын географиялық атамалар бул гидрографиялық объектлер екенлиги ҳаққында мағлыўматлар берген яғный, республикамыздың ҳәр мың км$^2$ майданға гидрографиялық объектлердиң 1,2 туўры келгенлиги ҳаққында мағлыўматлар берген. Орографиялық атамалар болса керисинше, сийрек тарқалғанлығын (ҳәр мың км$^2$ майданға 0,4 атама туўры келеди) жазады. Сондай-ақ, республикамыздағы топонимикалық фонның қарақалпақша екенлигин айрықша атап өткен.

Ж.Мәтмуратов өзиниң бул мийнетлеринде географиялық атамалардың жазылыўында ушырасатуғын қәте-кемшиликлерге де тоқталып өткен. Сол ўақыттағы карталардан есапқа алынған 74 суўғарыў тараўларының 73 и “яб” (98,6 %) деп, ал тек биреўи ғана (Өржап) “жап” жазылғанлығын жазады ҳәм тилимиздиң тазалығын сақлаў мақсетинде бундай атамалардың атларының дүзетилип жазылыўына тез күнде ерисиўимиз кереклигин жазады.

Сондай-ақ, алым бул мәселелер бойынша “Қарақалпақстан Республикасының географиялық атласын дүзиў ҳәм оны баспадан шығарыў зәрүр илажлардан деп есаплайды. Өйткени, географиялық атамалардың айтылыўы ҳәм жазылыўы менен байланыслы ҳәр түрли көрсетпелер берилиўи мүмкин, бирақ олар көбинесе папкадағы қағазларға тигиледи, ал газеталарда жәрияланса бир неше күнлерден соң жыртылып кетеди. Егер де биз барлық атамалардың қарақалпақ тилинде жазылған Географиялық атласына ийе болсақ, күнделикли газеталар менен журналларда олардың дурыс жазылыўын, радио менен телевизорда дурыс айтылыўын Атлас пенен салыстырып, олардың дурыслығын қадағалаў мүмкиншилигине ийе болар едик. Оның үстине Географиялық атлас, географиялық атамалардың қалай айтылыўы ҳәм жазылыўы мектепке шекемги мәкемелерде, мектепте ҳәм жоқары оқыў орынларында дурыс илимий тийкарда оқытылыўында әҳмийетли қурал ўазыйпасын атқарған болар еди” – деп, өзиниң баҳалы пикирлерин билдиреди.

Улыўма алғанда бүгинги бул изертлеўимиз арқалы профессор Жолдас Мәтмуратовтың кең жәмийетшиликке белгили болған айырым тийкарынан үлкемиз топонимикасына арналған мийнетлерин ғана анализледик. Деген менен алымның еледе көплеген илимий мийнетлерин үйрениўимиз, олардағы мағлыўматлардан теориялық ҳәм салыстырмалы анализ ретинде пайдаланыўымыз мақсетке муўапық болар еди. Атап айтқанда, мәмлекетимиздиң тәбийий географиясына арналған үлкен көлемдеги шығармаларын қайта баспадан шығарып студент-жаслар ҳәм мәмлекетимиз тәбияты менен қызығыўшылар және илимий-изертлеўшилерге жеткерсек алымның илимий мийнетлеринен өнимли пайдаланған боламыз. Сондай-ақ, жоқарыда алым тәрепинен жазылған пикирлерге қосылған ҳалда бизде келешекте мәмлекетимиздиң қарақалпақша Географиялық атласын баспадан шығарсақ, үлкемиздеги географиялық атамалардың барлық орынларда қарақалпақша дурыс жазылыўы ҳәм айтылыўына ерисиў ушын үлкен көмек болар еди деген пикирдемиз.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Алламуратов Е., Баллиева Р., Досбергенов Д. География жылнамасы. – Нөкис. Билим, 2016. – 72 б.
2. Алланазаров К., Ходжаева Г. Профессор Жолдас Матмуратовнинг 80 йиллиги. Ўзбекистон География жамияти ахбороти. 43-жилд, 2014. – Б. 210.
3. Baltabaev O. O. Geographical study of place names in the territory of Karakalpakstan //Экономика и социум. – 2022. – №. 5-2 (92). – С. 61-65.
4. Матмуратов Ж. Карақалпақ топонимикасы машқалалары ҳаққында. // “Совет Қарақалпақстаны” газетасы. 1991, №126 (15795).
5. Мәтмуратов Ж. Өзлеримизде де пәкизе атамалар бар ямаса қарақалпақ топонимикасына байланыслы гейпара ойлар. Әмиўдәрья. 1991. №10. – Б. 123-126.
6. Turdimambetov I. R., Baltabaev O. O. Toponymic studies in Karakalpakstan during the years of independence //Экономика и социум. – 2023. – №. 5-1 (108). – С. 314-318.